Жылагъуэр зэкъуэувэмэ

2-нэ нап.

Гуэл Щхъуантlэхэм-зыплъыхьакlуэ

3-нэ нап.

Еджэныр япэщ, итlанэщ спортыр

4-нэ нап.

Курп лъагапlэхэм тет фэеплъым йолэжь

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№112 (24.706) • 2024 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ

«Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр» фIэщыгъэр зезыхьэ, лъакъуэрыгъажэкIэ къыздэжэнымкIэ 32-нэ зэхьэзэхуэм и ебланэ Iыхьэр Налшык къалэм щекIуэкIащ. Махуэ куэду зэхэт зэпеуэм къырихьэлIащ Урысей Федерацэмрэ Белоруссиемрэ я спортсмен лъэщхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР щрагъэжьащ Налшык къалэм, Абхъазым и утыкум деж икIи адэкIэ Шэджэм, Бахьсэн щIыналъэхэм ирикIуащ, къыщыувыIахэр Iущцхьэмахуэ лъапэ щыIэ Iущцхьэмахуэ къуажэрщ. А щIыпIэр тенджызэ щхьэфэм нэхъ рэ километритIкIэ нэхъ лъагэщ. Псори зэхэту спортсменхэм къызэпачащ километри 135-м щIигъу зи кIыхьагъ гъуэгуанэ.

Мыбдежым цIыхухъу балигъхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Тулэ областым щыщ Новиков Саввэ. ЕтIуанэ хъущ Свердловск областым и гъэсэн Ульянов Артем, ещанэр Иванов Вячеславщ (Санкт-Петербург) къалэ.

ЩIалэгъуалэм я зэпеуэм япэ увыпIащыр къыщахьащ Болдырев Матвей, Гречишкин Вадим, Созинов Владислав сымэ - щыри Санкт-Петербург щыщщ.

«Гуапэт плъагъуну ди спортсменхэм ныпхэмрэ плакатхэмрэ яIыгъыу жьлэ къэс цIыхухэр къаззрыщыпежьэр, абыхэм къаззрыдэщIыр. «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» зэхьэзэхуэр къызэрежьэрэ КИФЩЦ-м и спортсменхэм, лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэр игъэбыдэ къудей мыхъуу, и фIыгъэ куэди йокI къэралым лъакъуэрыгъажэ спортым зыщегъэужьынми», - жиIащ КЪБР-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Занкишиев Арсен.

ЕтIуанэ махуэм, фокIадэм и 15-м, зэхьэзэхуэм и еянэ Iыхьэр – критериумыр - Налшык къалэм и уэрамхэм щекIуэкIащ. Абы хьэхьащ Пенинным и цIэр зезыхьэ, Балькъэр, ЩоджэнцIыкIумрэ Тэрчокъуэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм. Зэхьэзэхуэр хухахащ Олимп джэгухэм, дуней псом я чемпион, лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ Шыхъуэ Борис. Мыбдежым спортсменхэм къызэпачащ километр 65,2-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр.

Зэхьэзэхуэм щIидзэным и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек спортсменхэмрэ зэпеуэм кIэлъыплъыну къэкIуахэмрэ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ:

«Гуапэу фыкъызогъэблагъэ нобэрей зэхьэзэхуэм хэтхэр, пщIэ зыхуэтщI ди хьэщIэ лъапIэхэр, хьэщIэкIэ щIыналъэ жумарту щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым. Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ ин фхуэзощI нобэрей гуфIэгъуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм къаззрыхуэфхьам папщIэ.

Нобэ ди къару, ди зэфIэкI идохьэлIэ мы спорт лIэужьыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ жыджэру зыщыужьыным, адэкIи нэхъри абы дегугъунущ. Псом нэхъыщхьэкращи, дэ дыздэплъеин диIащ, Шыхъуэ Борис, Олимп джэгухэм я чемпионыр, щIалэгъуалэм я щапхъэр.

Шэч къытесхьэркъым, лъакъуэрыгъажэ спортым республикэм нэхъри зыщыужьыным нобэрей зэхьэзэхуэр шэсыпIэ зэрыхуэхъунум.

МыдэкIэ, зэхьэзэхуэм хэтхэм сехъуэхъуну сыхуейт ехъулIэныгъэхэр, текIуэныгъэхэр яIэну, я насыпэ нэхъыбэ хъуну. Псоми фIыщIэ яхуэощI!»

Зэхьэзэхуэм и еянэ Iыхьэм кърикIуахэр зэхалъхьажа нэужь цIыхухъу балигъхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Свердловск областым щыщ Вьюношев Михаил, етIуанэ хъущ Белоруссием и спортсмен Тур Никитэ, ещанэр Самарэ областым и лIыкIуэ Савельев Денисщ.

ЩIалэгъуалэм я зэпеуэм щытекIуащ Санкт-Петербург къалэм кьикIа Никонов Александр, етIуанэ увыпIэр кьихьащ Калининград областым и спортсмен Белоусов Иван, ещанэ хъущ Санкт-Петербург щыщ Попов Марк.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы зэхьэзэхуэр щрагъэжьауэ щытар 1993 гъэм, Мейкъуапэ къалэрщ икIи ар къыхэзылъхьар Адыгэ Республикэм и япэ Президент Джарым Асльэнщ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр» хагъэхьащ Урысей Федерацэм лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и чемпионатым щыщ, махуэ куэду зэхэт зэпеуэм и зы Iыхьэу. Мыбдежым къыщызэдзэжэхэр цIыхухъухэрщ.

Иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтахэм къызэпачащ Адыгейм, Краснодар крайм, Зэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ – Алание, Шэшэным я щIыналъэхэр. Псори зэхэту гъуэгуанэу километр 1509-рэ кьаIущащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэщIэгъэуIуауэ, хабзэм къызэригъэувым тету

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэр хэхыныр къызэзыгъэпэща икIи езыгъэкIуэкIа КъБР-м и Щ1ыналъэ хэхакIуэ комиссэм, щIыпIэхэм абы щиIэ къудамэхэм я лIыкIуэхэм дыгуасэ яхуэзащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«Ди щIыпIэм и хэхакIуэ системэр и къалэнхэм хъарзынэу пэлъэщащ – хэхыныгъэхэр зэщIэгъэуIуауэ, зэIухауэ, хабзэм къызэригъэувым тету зэфIэкIащ, - яжриIащ къызэхуэсахэм КъБР-м и Iэтащхьэм. – Дауи, ар нэхъыбэу зи фIыгъэр щIыпIэ псоми щыIа хэхакIуэ комиссэхэращ.

Си гуапэу фIыщIэ яхуэощI, псом япэрауэ, зи къалэныр зыгъэзэщIа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, къищынэмыщIауэ республикэ, къалэ, район хэхакIуэ комиссэхэм.

Псоми сохъуэхъу адэкIи ехъулIэныгъэхэр яIэну, республикэмрэ къэралымрэ яфI хэлъу».

Депутат тхылъхэр ират

Республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и ебланэ зэхуэдэгъуэм и депутат 70-м я тхылъхэр дыгуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щратащ. Зэлущ1эр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м Цыхуэсм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий.

КЪУЭДЗОКЪУЭ Мухьэмэд зэхуашэсахэм ехьэхъуащ цIыхухэм я дзыхь кърагъэзу ахэр зэрыхахамкIэ. «Си фIэщ мэхъу республикэм и гъащIэр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным фэ фщыщ дэтхэнэри зэрелIэлIэнур. Щ1ыналъэм, къэралым мы зэманым кьыпэщылъ кьалэн мытынцхэр кьыдэхъулIэнущ, дызэкъуэту, ди къару зэхэлъу дылажьэмэ. КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным зи гуащIэ езыхьэлIа псоми фIыщIэ яхудощI, ныкъусаныгъэншэу ар къызэрызэрагъэпэщам папщIэ. Фи лэжьыгъэм ехьулIэныгъэфIэкIэ кьыдфхудэкIуэну ди гуапэщ», - жиIащ абы.

ФIыщIэкIэ и псалъэр къыщIидзащ КъБР-м Цыхуэсм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэми. «Ди гуапэщ депутат хэхыныгъэхэр щыщIэныгъэ хэмыту зэрекIуэкIар. Абы щхьэкIэ фIыщIэ лей хуэщIын хуейщ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым, - жиIащ Зумакулов Борис. - Ди Iуэхущ1апIэр сыт щыгъуи КъБР-м и Парламентым жыдэжэру долажьэри, абы мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ.

Депутатхэм цIыхубэм я Iэхэу еплъыкIэр къагъэлъагъуэ. Депутатхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ пщэрылъ ягъэзащIэ, республикэм зегъэужьыныр, зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ щытепщэу щIыналъэр егъэфIэкIуэныр я къалэн нэхъыщхьэу. Дыщогугъ, КъБР-м и Парламентым и зэхуэсыгъуэцIэри а хабзэфIэкIэм тету гужьэну. Депутату ущытыныр пщIэ зыпылъщ, абы щыгъуэми жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъщ. ФIыщIэ фхудощI апхуэдэ лэжьыгъэ мытынышм фызэрытегушхуам папщIэ».

Депутатхэм захуигъэзащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталии. «Депутату щIэрыщIэу хахьжахэми япэу хагъэхьахэми сэри сыныводхьэхъу. ЕхъулIэныгъэхэр фиIэну, бэлытIэIуншэу фыкIэжьэну ди гуапэщ. Депутат хэхыныгъэхэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм кьыбгъэдэкIыу цIыху 700-м щIигъу кIэлъыплъакIуэу хэтащ. Партхэм я щIыналъэ къудамэхэм фIыщIэ яхудощI зэуIуу, зэгъэпэщауэ хэхыныгъэхэр къаззрехьулIам папщIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр егъэфIэкIуэным фи гуащIэ мамыру ефхьэлIэну Тхьэм жиIэ», - къыхигъэщащ Бердым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ

«Кавказым мамырыгъэ»

Театр щхъуантIэм фокIадэм и 14-м щекIуэкIащ «Кавказым мамырыгъэ» XXIII лъэпкъыбэ фестивалыр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм. Зэхьэзэхуэр къыдэзрагъэпэщащ УФ-м-рэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм я жэрдэмкIэ.

Къыжьыпэхъэщ, фестивалыр гъэ хъэс щIыналъэщIыналъэкIэ зэрырагъэкIуэкIыр. Мы гъэм ар ди республикэм и хьэщIащ фестивалыр икIи Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм зэрытехуар гуапэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр зэрызэфIэувамрэ абы зэрызиужьамрэ я тхыдэ гъуэгуанэм и нэщэнэщ мы махуэр. Ар щIыналъэм ис лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ, ахэр зэрызэхуэтым, республикэм ирагъэфIэкIуэным зэрыхуэпабгъэм, УФ-мрэ КъБР-мрэ я конституцхэм къызэрыщIыхьам тету, цIыхухэм хабзэмрэ хуитныгъэмрэ япэ зэрырагъэщым я дамыгъэщ. Къэралым и щIыпIэ куэдым кьиикIа хьэщIэхэр кьытхуеблэгъащ республикэм исхэм ди махуэшхуэмкIэ кьыдэкъуэхъуну. Ар щIыхьэт тохъуэ мамырыгъэр ди щIыналъэм щыхъума хъун папщIэ цIыхухэм я зэфIэкIымрэ къарумрэ зэрызэрагъэуIум. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ижь-ижьыж лъандэрэ хьэщIэхэр ягъэлъапIэ, нэгъуэщI лъэпкъхэр ягъэнэбжьэгъу. Щ1ыналъэр теIукIа гуапагъэм дрогушхуэ, нэхъыжьыфIхэм кьытхуагъэна ди лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ дыхуэсакъыу дохъумэ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ къэпсэлъа, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хьубий Марат.

«Си республикэ, си Урысей!» махуэшхуэ концертыр ягъэдэхащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я хэгъэгухэм, Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я уэрэджьыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъыфIхэм. ГуфIэгъуэ зэхьихьэшхуэр хэгъэрейхэмрэ хьэщIэхэмрэ зэдаIэтащ я макъамэ жьгъыруэхэмрэ къафэ гукъинэжхэмкIэ. Театр щхъуантIэм щызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьауэ, дэрэжэгъуэ яIэу зэбгрыкIыжащ.

Щ1ыналъэм щыпсэухэм фестивалым и фIыгъэкIэ Iэмал яIэщ цIыху Iэпщ1эльэпщIэхэм я Iэрыкl хьэлэмэтхэм зыщагъэгъуэзэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми «Зэныбжьэгъугъэм и концертхэр» щекIуэкIащ.

Iэпщ1эльэпщIэхэм я Iэрыкl хэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, фокIадэм и 14-м коллекционерхэр щIыналъэм исхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр яхуэгъэсащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэшхуэм иращIэкIа зэхьихьэхэм хьихьэу, КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгучъэныгъэм хэтхэм Налшык Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм, гъэлъэгъуэныгъэ гукъинэж къыщызэрагъэпэщащ.

(Пэщ1эдзэр. К1эухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Грищенкэ Сергей и псалъэм къыхигъэщащ махуэшхуэ выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и коллекционерхэм я мызаехуэу, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингуш республикахэм, Ставрополь крайм кьиКIахэм я лэжьыгъэхэри зэрыщащэгъэльагъуэр. Абы хагъэхьат хьэкъущыкIыхэр, бзыльхугъэхэм зэрыхэр, щIэдзахэ цIуугъэнэхэр, Іэщэхэр, махуэ кьэс кьагъэсэбэп, саугъэт папщIу я ят хьэпшIыпхэр, нэгъуэщIхэри.

ПIаз Андрей игъэльэгъуащ езым ищIа дзэ Іэщэкэр. Абы жиIащ апхуэдэ зы хьэпшIыгъэхьэзырыным нэхъ мащIэ дыдэу зы илъэс ныкъуэ зэрихьыр. Грищенкэ Сергей кьытеувыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэхэущапlэхэм блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм къыщIагъэкIыу и концертхэр» щекIуэкIащ. Зэхьыхь гуапэкэр къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ.

Лэскэн щIыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ ІэхуэхьэкIэ и къуэдзэ Насып Люсенэ хьэщIэхэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ, «Кавказым мамырыгъэ» фестивалыр щIэщIыгъуэ, гукъинэж ящхьэуну зэригуапэр кьыхигъэщу.

ЩIыпlэм щыпсэухэм зыхагъэгъуэзащ декоративнэ-прикладнэ гуэндзкIэхэр Іэпщlэлъапщlэхэм я Іэрыкlэхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ зэхыхьэхэр щхьэпэщ зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм зауэнынымкIэ, зэпсэльэныкIэ, зэрыщIэхунымкIэ.

Концерт нэхъыбэм щэнхабзэм теухуа Іэхуигъуэхэм зэрытепсэльэныкъари щIалэгъуалэм дежкIэ щIэщыгъуэт.

Хьэщlэхэр макIуэ Шэрэдж щIыналъэм

Гуэл Щхьэнтlэхэм я Іэгъуэблагъэм фокIадзэм и 15-м щыпащащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэшхуэм иращIэкIа зэхьихь гуапэхэм. «Кавказым мамырыгъэ» лъэпкъыбэ фестивалым хьэу абы щекIуэкIащ «Зэныбжьэгъугъэм и концертыр».

Шэрэдж щIыналъэм щIа ди уэрэджьыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ къадэкIуэу, пшыхьэр ягъэдэхащ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Осетие Ищхъэрэ я артист нэхъыфIхэм. Абыхэм ящыщщ Кучуберия Ильдэ, Абхъаз, Осетие Ищхъэрэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ Мукбэ Хибла.

ЩIыналъэм и щIыуэпс нэхъ дахэхэм ящыщ щIыпlэм къыщIэзрагъэпэща пшыхьэр щIэщыгъуэ хьуащ. Уэрэдыр, кьафэр, Іэгуаеуэр щыкуэда концертым зрезыгъэхьэлIа-хэм ар щIэх ящыгъупщэнукъым.

Спортым дихьэххэм папщIэ

Дзэлыкьуэхуажэ и «Арена» Іэхуэщlапlэм фокIадзэм и 15-м стIолыщхьэ теннисымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Дзэлыкьуэ щIыналъэм щыпсэуэхэм папщIэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ екъуэхьуащ, екъуIэныгъэ яIэну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

Зэхьэзэхуэм хэтащ а спорт лIэужьыгъуэм дихьэх щIыу 37-рэ. Иужьрей Іыхьэм гуупплIым щыщу щIыхуий текIуэныгъэм хущIэкъуащ. Илъэс 35-рэ ныбжьым фIэмыкIахэм ящыщу текIуащ Гуэнгэпщ Мухьэмэд (Сэрмакъ), Дзэмыхь Ислъам (Каменномост), Гуэнгъэпщ Арсен (Сэрмакъ). Илъэс 35-м щхьэдэха ныбжьым итхэм ящыщу текIуащ Сэрмакъ кьуажэм щышхэу Гуэнгэпщ Муса, Чартбий Валерэ, Гуэнгъэпщ Арсен. Ахэр кубок, медаль, щIыхь тхьилъэмкIэ ягъэльэпlащ. Гупхэм кьыхэжаныкIами ираташ саугъэт зэхуэмыдэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Жылагъуэр зэкъуэувэмэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щызэхэщащ «ЩIэпхъэджагъэхэм япэщIэтыныкIэ жылагъуэм и зэфIэкI» зыфIаща зэIущIэ. Ар иригъэкIыкIащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэтэлий.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, республикэм лъпкъ Іуэхуэмрэ жылагъуэ проектэмкIэ и министр КIуэрэшын Анзор, къэралIэнатIэхэм я унафэщIхэм щыщхэр, дзэ Іуэху хэхам хэтахэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и Жылагъуэпалатэмрэ деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советымрэ Хьэрычэтыщlэу щымыт зэгухьэныгъэхэм я «Хасащхьэм» хэтхэмрэ, студентхэр, щIалэгъуалэр.

Зэlущlэм кьыщыпсэльэхэм кьыхэдыхащIащ мы зэманым ди къэралым щIэнхьаджагъэхэр щIэх-щIэхьурэ кьыхэзрыщIыхьым зэрытегъуэзвыхьыр. Псом хуэмыдэжу, Украинэм и дзэпщхэр яужь ит зэпытщ, Іэмалу къагъуэтыр кьагъэсэбэпу, УФ-м и щIыналъэхэм удын жагъуэжэр кьыхэзрырадзыным.

Щытыкlэ шынагъуэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пащхь иригъэувэ кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэlущIэм кьыщыпсэлъэхэм кьыхагъэщащ къэралым ис лъэпкъыбэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэбапхъэхэм, дуней епlыкIэ зэкIэлъыгъэкIуам, зэхущытыкIэ дахэм щIыхубэм дяпэкIи гулъытэ хэха хуегъэщIынымкIэ, пщIэ хуащу зэрегъэхьэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, Іэхуэщlапlэ зэмылIэужьыгуэхэм зэрыщагъэкIыкIыпхъэр.

«Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» зыфIащам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Жэутий къызэрыльытэмкIэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтын папщIэ, къэралэ зэгухьэныгъэхэм, жылагъуэм, къэрал кьуэлыкьуэщlапlэхэм, хабзэхъумэ Іэнатlэхэм я зэфIэкIи я гулъытэ кьыхалъхьапхъэщ.

- Шынагъуэр къэмыкIуатэ щIыкIэ, дызэдыплежьэу къэдгъэзывыIэмэ нэхъыфIщ, къэхъун къэхъуа иужькIэ къыркIуэжащ дгъэзэжкIуэж нэхърэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Терроризмэм пэщIэтын папщIэ, къару псори зэрызэщlагъэуIуапхъэр кьыхагъэщащ республикэм и дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэми. Дэтхэнэ динми кьызыхуриджэр мамырыгъэмрэ щIыхукъм я сэбэп зыхэлъ зыуэзщIыныгъэмрэщ. Аращ зыхуэущIипхъэр фIымрэ Іейм зэхэзымыгъэкIыф, зи гупсысакIэр зэтемыувэща щIалэгъуалэр, кьытщIэхъуэ щIэблэр.

ЩIыпlэхэм ижькIэрэ кьыдедекIуэкI щIэнхабзэмрэ хабзэ-бзыпlхъэхэмрэ адэкIи зегъэужьын, абыхэм кьытщIэхъуэ щIэблэр щыгъуаз щIын зэрыхуейм тригъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Лъпкъ музейм и унафэщI, КЪР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Накуэ Феликс.

- Дызыхуэмей, дызыхуэхамэ хуэмэбжьымэхэмкIэ дэ кьытlэлъэсыр Кьухьэпlэ хэгъэгухэм я закъуэкъыкIэ, атlэ КЪуэкIыпlэ къэралхэми кьытхэlэпщlэпщlыхьыныкIэ лъэкI кьагъанэркъым. Абыкlэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, нэрылъагъуу щапхъэщ, махуэ кьэс жыхуаIэм хуэдэу, щыхьэт дызытехьэр: республикэм ис лъэпкъхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къадзгъуэгурыкIуа, тхыдэ жыжьэм кьыпхаха псэкупсэ хуэгъуэфIыгъэ, псом хуэмыдэжу, ди нэхъыщIэ щIыкIуэхэм я нэхъыбапlэм, къэзрыфIэфIуэху щымыIэу, зэрызыщадзэйр, - жиIащ Накуэм.

Къару бзаджэщ щIэпхъэджагъэр. Абы, зэфэхэщу ирегъэлъэхъщэх, иреудых лъэпкъхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къадзгъуэгурыкIуа щэнхабзэм и джэлэс нэхъыщхьэ кьэуб, щIыхуэм яхэлъ хуей гущIэгъулыгъэри, жэуаплныныгъэри, хэкупсэ зэхэщIыкIри.

Зэlущlэ зэIухам терроризмэм пэщIэтыныкIэ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, властым и къудамэхэм, къэрыч'эгъыщIэу щымыт Іэхуэщlапlэхэм я лIыкIуэхэм кьыщыжаIахэм, кьыщыхалъхьа жэрдэмхэм тещIыхьауэ КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэм адэкIи пищэнуц.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм хабзэ хъуауэ къадекIуэкI псэкупсэ зэхэтыкIэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэным, абыхэм зегъэужьыным теуха къэрал политикэр гъэзэщIэным и Іэмалхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм хабзэ хъуауэ къадекIуэкI псэкупсэ зэхэтыкIэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэным, абыхэм зегъэужьыным хуэгъэза къэрал политикэм и мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ гъэзэщIэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм (мылъку зыхухаххэм) щхьэкIэ жэуап яхьыну гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лъпкъхэм я Іуэхуэмрэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкlэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ щIыхуэм социальнэ и ІуэныкъуэкIэ къащхьэщыжьныкIэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэянщагъэр хъумэныкIэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэу мы унафэм и 2-нэ пунктым къыщыгъэльэгъуар щIыгуфу хуейщ:

а) мы унафэм и 2-нэ пунктым къыщыгъэльэгъуа органхэм я къудамэхэм мы кьалэнхэр зэпымыууэ ягъэзэщIэн папщIэ аехр хабзэкIэ щIэзыгъэбыдэ актхэр зыхуэфащэ органхэм кьегъэщтэнэр;

б) къыдедекIуэкI урысейпсо псэкупсэ зэхэтыкIэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэным, абыхэм зегъэужьыным хуэгъэза къэрал политикэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2024 - 2026 гъэхэм кьриубыдэу щызэфIагъэкIынухэр зэхилъхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыщыхьэныр, ахэр кьегъэщтэнэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьалэн щыщIын къыдедекIуэкI урысейпсо псэкупсэ зэхэтыкIэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэным, абыхэм зегъэужьыным хуэгъэза къэрал политикэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI Іуэхуэм текIуэдэну мылъкукIэ къызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2024 гъэм фокIадэм и 9-м
№127-РГ

Си лъабжьэр анэбзэрщ!

«ЦIыхум къыдалъху анэдэлъхубзэрщ ар лъэпкъым щыщ зыщIыр. Куэд елъытащ абы бзэр зэрихьэумэм. Унагъуэм, еджапIэм, цIыхур къэзыухъуреихьэм къалэн пыухыкIахэр бзэм и Іуэхум щагъэзащIэми, нэхъыщхьэр ар къызэрыкI гу лъащIэм и щытыкIэрауэ къыщIэкIынущ. Си гум сечэнджэщащ адыгэбзэр къыщыхэсхам, икIи сыщигъэуакъым. Лъагъуныгъэшхуэ хэлъу уи бзэрщ еджакIуэхэм ябгъэдэплъхьэфынур», - мыпхуэдэ гупсысэхэмкIэ къыддэгуашэр Бахъсэн куейм хыхьэ Хьэтlохъущыкъуей дэт ещанэ курыт еджапlэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ Жылау (Выкхъэ) Жаннэ Мухьэмэд и пхъурщ.



ЗЭРЫСАБИЙРЭ егъэджакIуэ Іэщlагъэр зыфIэфIу кьэхъуа, зи анэшхуэр, зи адэ шыпхъухэр егъэджакIуэ, ахэр щапхъэ зыхуэхъуа, еджапIэ нэхъыщхьэ щыщlэтIыхьхэм нэгъуэщI Іэщlагъэ гуэрхэм хэдэнуи зигу къымыкIа Жаннэ ди республикэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэщIэжэм я нэхъыфIхэм ящыщу. Абы и щыхьэтщ 2024гъэм Бахъсэн куейм щекIуэкIа «Адыгэбзэмкlэ егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм абы текIуэныгъэр кьызэрыщихьар. Абы кьыкlэлъыкIуэу, республикэ зэпеуэми пашэ зэрыщыкъуар. Иджы «Анэбзэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» кьэрал зэпеуэу фокIадэ мазэм Казань кьалэм щекIуэкIыпхъэм республикэм кьыбгъэдэкIыу хэтынущ Жаннэ.

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэ кьащIалъхуа Жаннэ зэрыщIыкIу льандэрэ бзэм дихьэхыу, зэпеуэхэм, зыкъэзгъэлъэгъэныгъэхэм жыдэжэру хэту, еджапIэм и щIыхьэр иIэту кьыдэкIуэтеящ. Еджапlэ нэхъыщхьэм и щытхъу кьыщыIуу еджащ. Абы и щыхьэтщ КъБКъУ-м и унафэщIым кьыбгъэдэкIыу мызэ-мыIтIу абы щытхъу тхьилъэр кьызэрыхуагъэфэщар. Университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджа хьыджэбзым бзэм и щхьхуэм, литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм я творчествэм, лжэныгъэм зыщигъэгъуэзэурэ Іэщlагъэ хуэхъунымэ зыхуигъэхьэзыращ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу ари кьиухри Налшык кьалэ егъэджакIуэу ильэсихкIэ щылэжьащ. Еджакlуэхэм эпlуэ имыIэу ядалэжьэ, адыгэбзэр ар зымыщIэхэм яIуры-зыlтьхьэ, хабзэм и бзыпlхъэхэр щапхъэ зыщI, Жылаум нобэрей зэманым щыIэ Іэмал гъэщIэгъэунэхэр кьигъэсэбэпурэ анэдэлъхубзэр иригъэджащ. Илъэс зыбжанэ хуауэ Хьэтlохъущыкъуей щолажэ. ЖыпIэнурамэ и лэжьыгъэм и ехъулIэныгъэхэр кьыщегъэлъагъуэ. 2023 гъэм «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм ар щылажьэ еджапlэм япэ увыпlэр кьыщихьащ. Гурыгъэгъуэщ Жаннэ и къару зэкъуэкIэ а зэпеуэр зэхъэрырамрыхьар. Ауэ зи кьару, зэфIэкI емыблэжу абы зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ ар.

ФIым я фIыж хуэуныр куэдым елъытащ: узыхэт цIыхухэм, уи унагъуэм, кьыбдэлажьэхэм. Ауэ ар иджыри елъытащ икIи епхащ лэжьыгъэмкIэ унафэщI пхуэхъуам. Еджапlэм и унафэщIым папщIэ Жылаум жеIэ: «ЕджакIуэхэм бзэр фIыуэ яIэгъуным, егъэджакIуэм и закъуэу сыбжыркъым зэлъытар. АтIэ еджапlэм и унафэщIым сыт хуэдэ Іуэхугъэри кьыбдИыгъуеу, уи лэжьыгъэр ильытэу щытын хуейщ. Апхуэдэщ ди еджапlэм и унафэщI Дышэкl Раисэ Сэлэдулэ и пхъур. Мы ильэсым сэ сыт хуэдэ екъулIэныгъэ сиIами абыи и фIыщI Іуэхугъэ хэлъщ, сэбэп кьысхуэхъуащ, сытригъэшхуащ, си зы дэтхэнэ утыку ихьэгъэри кьыздИыгъащ. Сэ быдэу си гущI мэхъу Раисэ хуэдэ унафэщI щыIэху ди адыгэбзэр еджакIуэхэм Іэщlыб зэрамыщIынур».

Зэпlуи имыIэу зызыхъуэ гъащIэм щIэуэ кьыщежьэр куэд мэхъу. ЩIалэгъуалэр, ныбжьыщIэ цIыкIухэр кьыдэпхьахьи папщIэ, абыхэм я ныбжьэгъу ухъун щхьэкIэ, абыхэм дерсыр зэш ящымыхъунрэ епхащ кьэбгъэсэбэп Іэмальщlэхэм, уи бзэм и дахагъэ-кьабзагъэм, уэ езым уиIэ щIэныгъэм. Зэманым декIуу лажьэ Жаннэ кьыдекьэхьафэ иригъэджэзэри, щапхъэ яхуохъу и пэжьэгъухэм. Ар зи фIыщIэр езым увыIэгъуэ имыIэу и щIэныгъэм зэрыхигъахъэрщ, щIэщыгъуэу гъащIэм кьыщыхунэху-кьыщагупсысхэм я курых зэрыхъурщ. Гурыгъуэгъуэщ щIэ защIэкIэ адыгэбзэр еджакIуэхэм я жьабзэ зэрымыщIыфынур. Абы папщIэ Іэмальщlэхэм гуэгъу яхуэпблыщхьэм и пщэдджьым Китайм и кьуэкIыпIэмкIэ кьыщыкъуэуащ - 1949 гъэ льандэрэ апхуэдэ кьару зиIа мыбы иджыри къэс щыIакъым. Сыкъэти 7-рэ ныкъуэм (Москва - сыхьэтыр 2.30-м) жьым и кьарур зы меданым метр 42-м хуэдизу щыIащ. КьызэрагъэльагъуэмкIэ, мы жьапщэшхуэр нэхъ пызырэхьэу кьыщIэкIащ «Глория» тайфуным нэхърэ.

«Бебкина» жьапщэм щынаIъэм и ищхъэрэ-кьухъэпlэ льэныкъуэхэмкIэ сыхьэтым километр 25-м нэблагъэ и хуабжьагъыу кьыщицIыкIуьащ, Аньхой, Хэнань щыпlэжэм щыужьыхьжащ.

Нэхъ ипэкIэ Китайм дуней и щытыкIэм кIэлъыплъ и Іуэхущlапlэ нэхъыщхьэм жьапщэшхуэр кьызэрыблагъэм цIыкIуэр щигъэзэз ищIауэ щытащ. Шанхайм и «Пудун», «Хунцяо» аэропортхэр тхьэмахуэ махуэм сихьэт 20-м и ужькIэ зэхуащIри, блыщхьэм сихьэтыр 14 хуэху лэжьакъым.

Фокlадэм и 17, *гъубж*

♦**1922 гъэм** Урысейм щыяпэу радиокIэ концерт ькатащ. Апхуэдэу лэжьэн щIидзаеу щытащ «Москва и радиом».

♦**1877 гъэм** кьалъхуащ усакIуэ, жылагъуэ лэжьаКIуэ, КIыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1940 гъэм** кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **БакIуу Хъанджэрий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, республикэм уэшх кьыщIэхъуащ. Хуабэр махуэм градус 15 - 21-рэ, жэщым градус 15 щыхьэнущ.

Фокlадэм и 18, *бэрэжьей*

♦**Псым и фIагъыр кьэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Секретарым и махуэщ**

♦**1906 гъэм** кьалъхуащ щэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр Бетlал**.

♦**1947 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 15 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Мы махуэхэм

ЛIыхъужьыр я щапхъэу

УФ-м и Президент Путин Владимир Украинэм щIелъэкIэ дзэ Іуэху хэхам хэт, Урысейм и ЛIыхъужь Орлов Артур «Пашэхэм я зэщIэхъеныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI ищIащ.

ЛIЫХЪУЖЬМ езым кьыхигъэщащ сабийрэ щIалэгъуалэу мелуани 7-м щIигу кьызэщIэзубыдэ Іуэхум и унафэщI уащIыныр жэуапныныгъэшхуэ пылъу кьыдэзрилъытэр икIи зэрыпщIэшхуэр. «ЦIыхубэм дежьэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъапIэныгъэхэр тегъэщIапlэ зэрыщIынум сыхущIэкъуэнущ. Псом хуэмыдэу, ди зэманым гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ зым адрейм пщIэ хуегъэщIынным, зэдзэгъэлъагъэным, Хэкур фIыуэ яльэгъуным», - жиIащ абы.

Жьапщэшхуэ кьыкъуэуащ

Шанхайм иIуэ 75-м кьриубыдэу къэмыхьауэ жьапщэшхуэ кьыщыкъуэуащ.

«БЕБКИНА» тайфуныр блыщхьэм и пщэдджьым Китайм и кьуэкIыпIэмкIэ кьыщыкъуэуащ - 1949 гъэ льандэрэ апхуэдэ кьару зиIа мыбы иджыри къэс щыIакъым. Сыкъэти 7-рэ ныкъуэм (Москва - сыхьэтыр 2.30-м) жьым и кьарур зы меданым метр 42-м хуэдизу щыIащ. КьызэрагъэльагъуэмкIэ, мы жьапщэшхуэр нэхъ пызырэхьэу кьыщIэкIащ «Глория» тайфуным нэхърэ.

Фокlадэм и 18, *бэрэжьей*

♦**Псым и фIагъыр кьэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Секретарым и махуэщ**

♦**1906 гъэм** кьалъхуащ щэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр Бетlал**.

♦**1947 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 15 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Джэду щысу шыпсэ умыIуатэ.

Къару зыщIэлъ усэхэр

Бемырэз Зураб и усыгъэм гъадэщIыдэ и куугъащ. Ар кьопсэлъыкI тхыдэм, кьуоувэ лъэпкъым, епсыкъ щIыуэпсым, егъафIэ лъаехр, мэпсэу гухэлъкIи. Гум кьыIэпикIхэр яхуэфащэн псалъэхэмкIэ ехуапэри, цIыхуэгум нехьэс. Сыт щIызыхэпщIэр зэрыгъэсэм?! Уагъэуардэ, уагъэнэщхьеI, уагъэгузавэ, уагъэгуфIэ, уагъэпIейтей, уагъэгугъэ.

Лъэпкъым, Хэкум, тхыдэм, ди адэжьхэм щдахуэсхIэ, и псалъэхэм купщIэу яIэм зыкъыпхагуашэ. Уи пащхьэм сурэт хужь-фIыцIафэу ирищIыхь хуэдэщ тхыдэжьым и напкIуэцIхэр. Гурэ псэкIэ абы кьиIуатэм ухохьэри, щыIэщ шыплIэм зибдзэу зауэжьым ущыIуихь, гъыбзэ зыус бзылъхугъэм гуаузэдхьэу ущыбгъэдэтIысхьэ е бгырыосхэм кърапхъуэт къамэхэм ирагъэщI макъыр тхьэкIумэм щызэщIэжьыуэ.

Адыгэм и шыфалIыфэр нэIурыту кьыщыгъэлъэгъуащ усэ куэдым. Лъэпкъым и хабзэр, и зыIыгъыкIэр, и гъуэгу теувэкIэр, и Iуэху зехьэкIэр и лым хэтщ, и лъэпкъым ироклIэ.

Утехьэмэ гъуэгу, адыгэжьм жаIэ:
Тхьэр хахуэм кьыкьуэтщI!
Адыгэжьм гъащIэм зы хабзэщи щаIэр -
Ар лъыуэ уэ пщIэтщ, - щыжеIэ «ЦIыхухъу фащэ» усэм.

Адыгэлым и дежкIэ лъапIэщ щхьэхуитыныгъэр. Ари, дауи, пщтыру хэтщ и лым. ИкIи гупсысэм зрегъэжьхуэдиI:

Гъуэгу махуэ, си кьуэш, щхьэхуиту уежьаби,
Щхьэхуиту кьэкIуэж.
Удэхуэми шыплIэм, лIы напэр къабзэу
КърегъэхьлIэж.

Адыгэ цIыхухъым и фащэр и лIыгъэрщ, и напэрщ, и адыгагъэрщ, и хьэл-щэнырщ. Аращ усэм гупсысу щIилъхьэр:

ЦIыхухъум фащэу зы закъуэщ иIэр -
Ар лIым и хьэл-щэнщ.

Илъэсищэ зауэжьыр куэдрэ кьыщокIуэ Бемырзэм и усыгъэм. Дунейм адыгэу щIикъуэкъым я фэеплъ, тхыдэм и гуаузэр лIыгъэкIэ зэрагъэвам и щыхьэт, ди блэкIар ди пащхьэм кьыззэритыр зыхозыгъащIэ тхыгъэщ ахэр.

Уи гуауэм усэ стхыхэмкIэ сыхэлIэу,
Си лъэпкъ, кьысщыхьуми
узгъэхъужьифын, -
Хьуеийм ухэIубауэ уи псыхуэлIэр
ПсынэпсымкIэ сэ дауэ изгъэкIын, - щыжеIэ «Си лъэпкъ» усэм.

Лъэпкъ щагъэкIуэдкIэ дунейр нэщхьей мэхъу, щIыуэпсым «и щхьэ и жагъуэщ». Псом япэу лъэпкъ гурыгъуэ зрахьэлIэр тенджьэ фIыцIэрщ. Бемырзэм и усыгъэми ар щыIныхьыжь щхьэхуэщ. «Убых къафэжь» усэм щызэподжэж тенджьэым и губжьри, убыххэм я гуаузэри, ажалыр зэрыгъунэгъэри. Убых зауэлIым дыбгъуергъуэвэри, и шыр зыхуэдэри, и къамэм и жанагъри, и лIэныгъэм лIыгъэ зэрыхилъхьэри дегъэлъагъу.

Тенджьэ фIыцIэжьри къэукъубеIуэрэ
И Iуфэ кьыркъэм йопыдж.
Убых щIалэщIэмэ и щагъдий къарэри
Ажалым кьыдегъэудж, - жеIэ зауэм щыIухьэкIэ. И псэр ита неужьи, тенджьэ фIыцIэр, адыгэшыр, жьыбгъэр гъуэ хуещIыж:

Тенджьэ фIыцIэжьым и щхьэ и лажьэщи,
Лъапсэрых хъуам хуонэщхьей.
Адыгэ щIалэхэу зи псэ зытахэри
Уанэгум ираупсей.
Губгъэ нэщIыжьри хьадрыхэ Iэгущи,
Жьыбгъэищэр щызэроукI.
Щагъдий щхьэзакъуэкэр нэ
фIыцIэ хуарэщи,
Тафэжьым щызэдоудж.

Адэжьхэм я лIыгъэр елъагъу, я фэеплъыр елъытэ, Хэку лъагъныгъэм щIата уасэр кьыгуроIуэ.

Фи лIыгъэри хуэдэнчу гъащIэ дыгъэм,
ГугъапIэ махуэм ар и афэ кIуасэщ,
Псэ тыгъэу къэвгъэна фи ТекIуэныгъэм
ХьэкIуэнури блэкIари и зы уасэщ, - щетх «Адэжьхьэм» усэм.

Бемырзэр куэдрэ тотхьихь адыгэ пщащэм. «Пщащэм и уэрэд», «Адыгэ пщащэм деж», «Къофэ адыгэ пщащэ» усэхэр абы и щапхъэщ. Бзылъхугъэм хэгъэзаэу кьиIэсэбзэп художественнэ Iэмалхэр егъэлеиуэ лъагэщ.

Адыгэ пщащэр дыгъитIкIэ кьыузэпльри -
Си гур дыгъэншэу игъэткIужакъэ, - щетх «Адыгэ пщащэм» бзылъхугъэм и нэм щхьэкIэ. Пщащэр кьыщыфэкIи, и теплъэр уи нэгум кьыщIегъэувэ:

Къафэм и дахэу, дахэм и дыгъэу,
Iэсэу егъажэ пъэбакъуэ щыгъэр.
ЗигъэкIрахъуэмэ - дыгъэ архуанэщ.
Зишэщыжьамэ - пагагъэм и бланэщ.

Бемырзэм и кьалэмэр куэдрэ лъэIэс Iуэрыуатэм. Абы хэт лIыхъужьхэр кьыжеш, иопсалъэ, шыфэлIыфэ яхуещIри дакIэлъеГъэпIэ. Е абыхэм я шыфэлIыфэм тетхьхьурэ, гурыщIэкIэ щIегъэбыдэж.

Ер - и уадэшхуэ гъадэщ, фIыр
и щхьэумэ сыджщ,
Ахэм я зэхуаку бзаджэм
гъащIэр кьыщIеуIукI.
Сэри сыщытщ сыщIэпщэу
сызысыжьи мафIейм.
Удэхэм и уэредадэм зэхекъутэж дунейр, -

щыжеIэ «Дэбэч» усэм.

КъэхуэкъащIэхэм дунейр якъутэми, уафэмрэ щIылъэмрэ щIыху къаурр щIыкIу зыщIэкъуэкIхэр щекIуэкIии, суэкIуэм игу пыкIынукъым а зыхэтым къыхэкIыжу ар иутIыпщыну.

Дыгъэр псыкьуий щхьэтепIэщ, пIалъэр -
лIэщIыгъуэ уэрщ.
ЗэхэткIухьыжу дыгъэр, зэхэлъэдэжми уэр,
Зэхэкъутэжу гъащIэр, исми
щэдыжь къэпщам,
Ноби сыхэтщ а махуэм, сеплъу уи нитI
къэпльам, - щIегъэбыдэж усакIуэм.

Бемырзэм и гухэлъ лирикэр хуэдэщ щэхуу зыщIыпIэ щыхьумам, щыгъэтIыгъуам, изыщ щэхуу кьыщидыжам. Гухэлъыр мэбаэу, мэпсалъэ, мэпсэу, лъынтхуэхэм ирикIуэрэ гур кьрегъаеу. ЩIыуэпсымрэ гухэлъымрэ куэдрэ щызэщIожьыуэ, гухэлъым и зыщIыкIэм дунейми зыдихьуэжу. Аращ и усэхэм хэпIагъуэр.

Гур зэрыпIейтейр телъыджэу кьегъэлъагъуэ:

СегъэIуэсэ уи нитIым.
Дунейр сIэпыкуэуэ
Кърехьэжкъуэ жыджалэу
Пщыхьэщхьэ гъуэжькуийм.

ЛIыхъужьым и гухэлъыр Iэмалынышэщ, Iэмал гуэр иIамэ, ар гухэлъ хъужрэт жыуигъэIэуэ.

Сэ дауэ зэхуэтхьа ди уэрэдитIыр
Зэхэслъхьэурэ зэхэсхьжьи,
Абы сэрагъым - лъагэуныгъэрщ хуитыр
Зым псалъэ, зым макъамэ кьыщIихьи.

Зым псалъэ, адрейм макъамэ ямыгъусэмэ, а тIыр зэщIэмыжьыуэмэ, уэрэдыр хуиту Iужьыркъым.

Яукlыу зыр, адрейм сыт хуупсэжкIэ,
Ябзыгъу бзитI къыхахкIэ зы псэун.

УсакIуэм жеIэ дунейм кьыщIежIуэкI хабзэхэм нэмыщI, гуэр зэпызыщIэ нэгъуэщI хабзи зэрыщIыр. Пэжщ, усакIуэ хьэлу а псалъэр ихьэмэу «щэху гуэр» фIыщащ.

ЦIыху хабзэм нэгъуэщI гуэр
дэщIымыгъуамэ,
Уэрэдым зы зэгуэрым димыщIынт, - жеIэ абы.

УсакIуэр и гъащIэм щепIыж хуэдэщ гухэлъым. ЩIыуэпсым и щытыкIэр абы нэхъри щIегъэхуабжьэ.

Сыноплъри, сопъагъу си жьыщхьэр,
Сыноплъри, сохъуж сабий,
Уи гуфIэр тосыкI нэкIущхьэм,
НэхукIэр хьыпий-сытийщ,
Шабзэшэу мэпъатэ щIыпIэ
Зэгуэрым яутIыпщар, - щыжеIэ «Бзу абгъуэ» усэм.

Бемырзэ Зураб и псалъэм щIэлъщ къару абрагъуэ, мыкIуэщI, мыужьых. АтIэ сыт хуэдэ псалъэм и къэкIуэкIэр?! Псалъэр гум кьыIэпыкIын итэкIэ зыкъом егъэв. Абы щапхъэ трехьуэж «Псалъэ» усэр.

Псалъэр мэузыр уIэгъэу, кIыжьыу,
Псалъэр мэузыр уIэгъэу, птхьжьыу.
Елтым къащохьу ар насыпу кьыуат.
Еджэм и гуГъэщ - уи гъащIэ къэуат.
Аущ а птхар - жэщмыжьйи и тхьэгъушщ,
Аущ а птхар узышхьж уи дыгъужьщ,
Махуэ къэсхьу кьыпкIэлъыуэу уи бийщ,
Пшхыр емыкIыжу зэIуищIэ уи джийщ,
ГъащIэ пэгуну пIэщIэхуу икIуПщ,
Укъэтэджыжмэ, хьаргъ уиузыдщ,
Укьипсэлъэжмэ, тхьилъымпIэм итпхэжщ,
Укъэмыплъэжмэ, нэгъуэщIхэр зэджжщ.

Бемырзэ Зураб и усэхэм уагъэгупсысэ, ухагъапIлъэ, уэкIыщагъэдэIукI. Сытым игъэусэми, абы и сатырхэр псыхьащ. Псыхьащ пэжкIэ, гуапагъэкIэ, лIыгъэкIэ - аращ и усэхэм къару яхуэхьур. ПсэкIэ матхэр, дуней дыкъэзыухъуреихьым дахагъэу хэлъри и IасхьапIэхэри кьегъуеI. И усэ сатырхэр гум кьоиэ, гъащIэм кьыщыхьу Iуэхугъуэ куэдым пэджжу.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Щэнхабзэм и дыщэ пхъуантэ

● Литературэ

1992 гъэм Нало Заур ахъыдгъэкIауэ щытащ «Тэурыхьищэ» тхыльыр. 3 - 4-нэ классым сыщIэс къыщIэкIынт ар ди анэм къыщытхуищэхуам. Уэнэ лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь, махуэ къэс а тхыльым седжэрт. Си сабиигъуэ Iэфым щыщу гум кьинэжа Iуэхугъуэхэм ящыщщ а тхыльри.

ТХЫЛЪЫР апхуэдизу гъэщIэгъуэн зэрысщыхьуам си анэм гу лъитати, мурад ещI мазаем и 23-м ирихьэлIэу классым щIалэ цIыкIуу щIэсым къахуищэхуну. Апхуэдэу ищIащ. Налшык къалэ кIуэри, тхыльр 15 къриихащ. Хьуэхъу зырызыхъэ схуТритхащ, езым школым нихьри, сигъэгушащэу щытащ.

Илъэс 40 ирикъуащ Къаныкъуэ ФатIимэ апхуэдизу игъэгуфIауэ щыта щIалэхэр. ЗэрыжаIэмкIи, нобэр кьыздэсым яхъумэ лъэпкъ щэнхабзэм и дыщэ пхъуантэу къащыхъуу къьадекIуэкIа а тхыльхэр. Си анэм и апхуэдэ гупыжым саугъэт дахащIэкIэ кьыпIэжжэкуэ щытащ ди щIалэ цIыкIуэр. Пытхэпэм и 8-м си классэгъу Бакъ Рустам тыгъэ хьыс-хуищIат и щхьэр тебгъэпкIмэ уэрэд жиIэу Iэпщэ сыхьэт дахащэ. Апхуэдэ Iуэхугъуэ гуапэхэрщ гукъэкIыжьхэр телъыджэ зыщIыр, уигу кьыщиихьэжкIэ узыгъэгуфIэхэр.

Фи пащхьэ идолъхьэ а тхылъым къитхьжа зы гушыIэ Iуэтэж.

Мыштыкъ и делагъэр

ПцIыи пэжи - сытми, фызабэ гуэрым кьуэ закъуэ иIэт, жи, жьилэр Мыштыкъкъэ къеджэу, и анэр Мыштокlэ еджэу. Мыштыкъ илъэгъуари ибзыщIыртэкъым, жраIами текIыгъэтэкъым. Арати, йоуэри, мэкъушэж егъакIуэ ар и анэм. Мэкъур гум екIуу къриIухьэщ, быдэу икъузыжри, къежьэжьнрэ пэт, еплъыхщ аби, мастэ щыIну къиГъуэтащ. Абы щыгъуэ мастэр гъуэтыгъуейти, къищтэри мэкъум кьыхихьащ, си анэр эгъэгуфIэнщ жери. Къэсыжри и анэм еджащ:

- Дянэ щыIэ, Мышто? - жи.
- Мэкъум хэлъщи, кьыхэхьж.
- А Мышто делэ, - жи и анэм, - мастэ мэкъум халъхьэрэ, уи бгъэм хэпIуу къэпхьыхь хуеящ.
- Хьунщ, - жи Мыштыкъ, - дяпэкIэ апхуэдэу сщIынщ.

Етlуанэ махуэм щхьэлым кьиклыж пэтрэ зы хьэпшащэ кьиГъуэтащ. Кьиубыдри хьэпшыырр и бгъэм хиIну хуежьа щхьэкIэ, хиIуфакъым: и джанэр зэфIитхъыхащ, хьэпшыырри итхьэлащ. Къэсыжри и анэм хуэтхьэусыхащ:

- Хьэпшыр натIэху цIыкIу къэзгъуэтати, си бгъэм къысхухэмыIуурэ лIащ, си джанэрри зэфIитхъащ, - жери.

- А си Мышто делэ, - жи фызабэм, - хьэпшыр бгъэм хаIуРэ: мыщэ, мыщэ жепIэурэ уи ныбэм иту къэпшэнт.

- Хьунщ, дянэ, - жи Мыштыкъ, - дяпэкIэ апхуэдэу сщIынщ.

Йоуэри, пхъэ къишэн уеий мэхъури Мыштыкъыр мэз макIуэ. Мэзым бажэ щыхуозэри, «мыщэ, мыщэ», жиIэу щеджэкIэ, бажэр йолъри пабжьэм хокIуэдэж. Мыштыкъ ар игъэщIагъэри, кьэсыжа йужь, и анэм хуэтхьэусыхащ:

- Бажэ сыхуэзгати, седжэ пэтми сыкъыфIэмыIуэхуу, мэзым хэлъэдэжащ, - жери.

- А си делэжь мыгъуэ, бажэм еджэ хабзэ, - жи и анэм, - джыдэмкIэ уеэнти, къэбукIынт.

- Армэ, хьунщ, - жи Мыштыкъ, - дяпэкIэ апхуэдэу сщIынкъэ.

ЩIалэжьыр хадапщIэ къыздикIыжьым, зы чыцI цIыкIу куэжьбгъум дежи щыджэгуу кьыхуозэ. И анэм къыжриIар игу кьокIыжри, фIанэмкIэ йоуэр аби, еукI. ЕIым еIыж, ди чыцI лажьэ зимыIэр букIащ жаIэри, чыцIыхъэхэр зэхуожэс аби, Мыштыкъыр хьэ къукIэу якъу. Мыштыкъыр гъуэгыу кьокIуэжри и анэм хуотхьэусыхэ:

- ЧыцI сыкъыхуэзгати, фIанэкIэ сеуэри сыукIащ, зыгуэрхэр кьажэри, лажьэ симыIэу сакъуащ.

- А си Мышто тхьэмыщкIэ мыгъуэ, апхуэдэ ящIэ хабзэ! - жеIэри и анэри магъ. - Укъэувыlэнти, бохъу апщий яжепIэна, мис арат хабзэр!

- Ар сэ сщIа-тIэ, дяпэкIэ апхуэдэу сщIынщ, - жери зызэпелъэщIыхьыж.

Куэд мыщIэу я хьэблэм щыщ гуэр малIэ. Жьилэр абы кIуэуэ щилъагъум, езыри дыхьэри:

- Бохъу апщий! - яжриащ.

ЕI, ди хьэдэр бэ хъуну укъыдэбгащ жаIэри Мыштыкъыр кьыдахуж. Сыт ищIэнт, и анэм дежкIэ къегъэзэжри кьыщыщIар жреIэж. Фызабэ насыпынщэм и Iэр Iэпохэу:

- Еууей, апхуэдэ жаIэрэ! - жи. - Тхьэм жэнэтыр унапIэ хуищI жыпIамэ, псоми фIыщIэ кьэпхуащIынт.

- Ар сигу изгъэлъынщ, - жери Мыштыкъ ижьжьэж.

- Зэман докIри я гъунэгъум нысэ къаIуэ. Мыштыкъи йокIуэкIри нэхъыжьхэм йохъуэхъу:

- Фи нысащIэ цIыкIум жэнэтыр унапIэ Тхьэм хуищI, - жеIэри.

- Уэ жьихьэнмэр унапIэ пхухъу, бадджэнадж: укъэкIуауэ укъыщIыдэбгар сыт! - жаIэри, Мыштыкъыр плъагъур, кхъужь мыхъум хуэдэу, ядынри кърахужьэж.

Фызабэ тхъэмыщкIэр гупсысэщ, гупсысэри, итIанэ и къуэ закъуэм жриащ:

- ДяпэкIэ, Мышто, сыт хууэзами, уи жьэр убыд аби, зыри жомыIэу блэкI! - жери.

АбыкIэ зэгурыIуэри, щхьэж и Iуэху и ужь ихьэжащ. Тхьэмахуэ дэкIатэкъым ефэндыр къакIуэу фызабэм къыщIехъурджэуам:

- Дыгъуасэ ди унэгуащэм и лъакъуэр къутати, къыздэIэпыкъуи, мыр унэм щIэдгъэхьэж жесIэри селъэIуат уи къуэми, и жьэр иубыдри щIопхъуэжащ, жиIэри. И анэми нэгъуэщI Iэмал имыгъуэтыжу, Мышто и делагъэм сыт пэлъэщIи жиIэри къиГъэнэжащ. Нобэми аращ, ныжьбэми аращ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ къыхах

Урысейм лыжэкIэ къыщащхьыхь и курорт нэхъыфIэхэр щыIэхагъкI зэхьэзэхуэм Iуащхьэмахуэ лъапи хэтщ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ «Урысейм лыжэкIэ къыщыбжьыхь хъууэ къуршым щыIэ и курорт нэхъыфI», «Урысейм унагъуэкIэ зыщагъэпсэхун хуэдэу, лыжэкIэ къыщыбжьыхь хъууэ къуршым щыIэ и курорт нэхъыфI», «Урысейм Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр нэхъыбэрэ щрагъэкIуэкIыу, лыжэкIэ къыщыбжьыхь хъууэ къуршым щыIэ и курорт нэхъыфI» зэпеуэхэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтщ къэралым и щIалнальэхэм я курорт нэхъ ин дыдэхэм къыщыщIэдзауэ турист унэ цIыкIуэхэм я деж щыухыжу, псори зэхэту 379-рэ. Зэпеуэм нэхъыбэу хэтщ Кавказ Ищхъэрэр, Сыбыриир, Урысей Ипщэр.

«Урысейм и къуршхэр» Лъэпкъ саугъэтыр кьэхьыним хуэунэтIа зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытыр къэралым бгы лыжэ туризмэм зыщагъэзыжьыныр щ, абыхэм зыщызыгъэзэпсэхуэр зыхуэныкьуэну Iуэхугъэ хъуар зы щыпIэм деж щагъуэтыфу щытын хуэдэу. Ар апхуэдэуи «Туризмэмрэ хьэщIагъэм пыщIэ Iуэхугъуэхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

«Iуащхьэмахуэ» курортым щхьэкIэ Iэлэтхэм фыхэт хъунущ мы гъэм жэпуэгъуэм и 15 пщIондэ, «горыроссии.рф» «Урысейм и къуршхэр» Лъэпкъ саугъэтым и интернет гуэдзэным зыщцевгъэтха иужькIэ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.



● Махуэгъэпс

Жыг къэбгъэуа - нэгъуэщI хэсэ

Мэзым и лжьакIуэхэм я махуэр адрей къэралхэм щагъэлъапIэр гъатхэпэм и 21-р арами, Урысей Федерацэм ар зытехуэр фокIадэм и 15-м къыщегъэжьауэ и 17-ри хьихьэщ.

АБЫ щхьэусыгъуэ иIэщ: Совет Союзым 1977 гъэм и фокIадэм къару щигъэтащ мэзым теухуа хабзэм. АрщхьэкIэ, Мэзым и махуэр гъэлъапIэнэр япэ дыдэу къыщыхальхьауэ щытар Мэкъумэщ Iэнатlэхэм я европей зэгухьэныгъэм 1971 гъэм иригъэкIуэкIа зэхуэсышхуэрт.

КъыззрабжамкIэ, ди планетэм и щIы щхьэфэм щыщу и Iыхьэ щанэм нэблагъэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, километр зэбгъуэзнатIэ мелуан 38-м нызэрыхьэсыр, мэзхэм щIагъанащ. Абыхэм яныкьуэм, здэщыIэм елъытакIуэу, тропикым къащыкI жыгхэм ясеящ, и Iыхьэ пIланэр ЩIы Хьурейм ищхьэрэкIэ гъэза и щIылъэныкьуэрщ здэщыIэр.

Урысей Федерацэм зыщагбгъащ ди планетэм мэзу тетым я процент 20-м нызэрыхьэсым, е нэгъуэщIу жытIэмэ, гектар мелуан 795,4-рэ (километр зэбгъуэзнатIэ мелуани 8-м нэблагъэ) ежьэщIэзыубыдэм. Ар УФ-м, зэрыщыту къатщтэмэ, и щIылнальэм и процент 46,4-м щIегъу. АтIэми, телъыджэр аращи, ди къэралым (гъэ къэс апхуэдизи мафIэс къызэрыщыхъуу) 2001 гъэм къыщыщIэдзауэ 2023 гъэр иухыу, мэзхэм щаубыд щIыгум гектар мелуан 73,4-кIэ къахэхъуащ.

Урысейм 2007 гъэм къыщащта Мэз кодексыщIэм жыгхэр лIэужьыгъуищу игуэшащ. Апэ гупым хохьэ ущIэтыну хуабжьу къакIу жыг дахэхэр зыхэхэр, етIуанэм хеубыдэ пхъэ къызыхаххэр. ХасагъащIэу зыхуэсакъэхэр - ещанэщ. Апхуэдэуи, ди къэралым и щIылнальэм хуозэ пхъэ къызыхах мэзхэу дуней псом щыIэм я процент 25-р. Ар къулеигъэшхуэщ, къэгъэсэбэпын зэрыхуейри егупсысаусэщ. ЩIыдгъужьыщ ди Хэку Иным и мэзхэм я нэхъыбэр псей жыг лъэпкъыфIхэм зэраIыгъри.

Лъэхъэнэ блэкIахэми мэзхэм пщIэшхуэ яIащ. Ди апэ итахэми къагурыIуэрт ахэр щысхьыншэу ибупщIыкIыным къиишэнкIэ хьуну щыпагъуэр зыхуэдизыр. Ауэ щыхъукIи, зи гугъу тщы мазухуэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэу къэувыр «жыг къэбгъэуа - абы и пIэ нэгъуэщIхэр хэсэ» жыхуиIэрщ.

Мэзым и мыхьэнэр абы псэуальэапхъэхэр къызэрыхахым и закъуэхьым. КуэдкIэ нэхъ лъапIэжщ икIи нэхъ мелуан 38-м нызэрыхьэсыр, мэзхэм щIагъанащ. Абыхэм яныкьуэм, здэщыIэм елъытакIуэу, тропикым къащыкI жыгхэм ясеящ, и Iыхьэ пIланэр ЩIы Хьурейм ищхьэрэкIэ гъэза и щIылъэныкьуэрщ здэщыIэр.

Урысей Федерацэм зыщагбгъащ ди планетэм мэзу тетым я процент 20-м нызэрыхьэсым, е нэгъуэщIу жытIэмэ, гектар мелуан 795,4-рэ (километр зэбгъуэзнатIэ мелуани 8-м нэблагъэ) ежьэщIэзыубыдэм. Ар УФ-м, зэрыщыту къатщтэмэ, и щIылнальэм и процент 46,4-м щIегъу. АтIэми, телъыджэр аращи, ди къэралым (гъэ къэс апхуэдизи мафIэс къызэрыщыхъуу) 2001 гъэм къыщыщIэдзауэ 2023 гъэр иухыу, мэзхэм щаубыд щIыгум гектар мелуан 73,4-кIэ къахэхъуащ.

Урысейм 2007 гъэм къыщащта Мэз кодексыщIэм жыгхэр лIэужьыгъуищу игуэшащ. Апэ гупым хохьэ ущIэтыну хуабжьу къакIу жыг дахэхэр зыхэхэр, етIуанэм хеубыдэ пхъэ къызыхаххэр. ХасагъащIэу зыхуэсакъэхэр - ещанэщ. Апхуэдэуи, ди къэралым и щIылнальэм хуозэ пхъэ къызыхах мэзхэу дуней псом щыIэм я процент 25-р. Ар къулеигъэшхуэщ, къэгъэсэбэпын зэрыхуейри егупсысаусэщ. ЩIыдгъужьыщ ди Хэку Иным и мэзхэм я нэхъыбэр псей жыг лъэпкъыфIхэм зэраIыгъри.

Лъэхъэнэ блэкIахэми мэзхэм пщIэшхуэ яIащ. Ди апэ итахэми къагурыIуэрт ахэр щысхьыншэу ибупщIыкIыным къиишэнкIэ хьуну щыпагъуэр зыхуэдизыр. Ауэ щыхъукIи, зи гугъу тщы мазухуэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэу къэувыр «жыг къэбгъэуа - абы и пIэ нэгъуэщIхэр хэсэ» жыхуиIэрщ.

Мэзым и мыхьэнэр абы псэуальэапхъэхэр къызэрыхахым и закъуэхьым. КуэдкIэ нэхъ лъапIэжщ икIи нэхъ къэпльытапхъэщ мэзхэр ЩIы Хьурейм и «тхьэмбылу» зэрыщытыр. Дэ дыпсэуфынутэкъым мэзхэр щымыIатэмэ. ЖьипIэнуи иирикъунщ, зы жыг мыин дыдэм сыхьэт 24-м къриубыдэу цIыхуищIу зэрыбгъэ лъышэр (кислород) къызэрилъэжьыфыр. Апхуэдэуи, фэ, дауи, гу лъыфIащ мэзым уи Iэпкълъэпкъыр нэхъ зэрыщыщIэкIыр: мыбдежьым хьэуар куэдкIэ щынэхъ къабзэщ. БэщIэгъэунэщ, ауэ мэзхэм сабэри зыщIашэ. Псалъэм папщIэ, зы гектарым и уэздыдыгъейхэм сабэу тонн 40-м нэблагъэ зыщIабыдэ. КъинэмыщIауэ, мэзым зыщIефэ гъатхэм уэсыр щыткIужкIэ куэдыщэ къэхъу псыГагъэр. Арыншамэ псыхэр къиунут, узижагъуэн хуэдизу. Мыдрейуи, гъэмахуэр къихьамэ, мэзым псы ежэххэм яретыж езым кьебэкIыу зэхуихьэса псыГагъэр - аращ ахэр зымыгъэжащIыр. Мэз зыуымыт псыхэр псынщIэ дыдэу мэгуж.

ИпIани, дызытес планетэм ГащIэ зэгъэ щыгъэIэнэм хуэгъэзауэ, зи гугъу тщIахэм я закъуэкъым мэзым хуэзфIэкIыр.

ЦIыхум и узынщагъэм нэхъ къыззрытемыхьэлъэну, жыг гуэрэн Iувхэм дунейм и щытыкIэм зрагъэхуэж, жьышхуэ къыкъуэуамэ и къарум кIэрегъэку, уафэм къриупцIэх уэсри щIым къэмысу зэтреIыгъэ. Мэзыр езым къыщыкI ерыскъыхэкIхэмрэ узынщагъэм сэбэп хуэхъу удэхэмкIэ сытым деки къыдэтэну хьэзырщ.

Пасэм псэуахэм абы хуагъэфэщауэ щыта псэльафэщ «пащтыкьым хуэбгъэдэну къуелийц» жыхуиIэри. Пхъэм тхылъымпIэ къыхэпщIыкI зэрыхъум и фIыгъэкIэ, ди унагъуэхэм тхылъхэр щыдиIэщ, щыгъын тхуэзыдхэм къагъэсэбэп гипоаллергеновэ щэкIар къызыхахри, жыгым и мэр ди унэ кIуэцIхэм щIэз зыщI унэльащIэ дэгъуэхэмкIэ дыкъыщIыпсэпэщIри аращ, унэ псо ирищызэтедгъэувэфи щыIэщ. Жыгхэм къызыхаутIыпщыкI нэрымылъагъу ЩIарури цIыхухэм я узынщагъэм дежкIэ сэбэпыхуэщ.

Мэзхэр я хэщIапIэщ къуалэ, хьэкIэжхъуэкIэ куэдым, уеблэмэ, хьэпщхупщэми, хьэпIащIэхэми, е нэгъуэщI жытIэмэ, щIы щхьэфэм щызэкIуэ псэущхьэхэм я процент 80-м щIиГъум!

Ди республикэм илъэс зыбжанэ хьуауэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI мэзхэм «еIэзэным», къуажэхэмрэ кьалэ округхэмрэ жыгыщIэхэр щыгъэтIысыным, щыпсэухэр щхьэнтIагъэм зэрысакъыр зэрыкуейм къыхуеджэным хуэунэтIауэ.

Мэзхэм фащысхь, къарууэ фиIэм фемыблэжу, фхуэзфIэкIыр фщIэ, псэ зыIутхэм хуагъадэу дыкъэзыхъумэ щхьэцIыгъэ тельыджащэу мэлуху щхьэнтIэр щIыуэ дызытетым темыкIуэдыкIыжьмэн щхьэкIэ. Апхуэдэ мыгъуэгъэ къэхъу хъужькъыжмэ, абы иужькIэ ЩIы хьурейм гъащIэ щыIэжьыну фIэщщIы-гъуейщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гуэдз лъэпкъыфIхэр хурагъашэ

Мэкъумэш Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ къэралкъулыкъуущIапIэм и управленэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэм иджыблагъэ кьыззритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуэдз жылапхъэ лъэпкъыфIхэм ящыщу килограммым 700 нэгъуэщI щыналъхэм яхурагъэщащ 2024 гъэм и шыщхьэуIум кьэриубыдэу, абыхэм я фIагъыр, бэвагъыр зыхуэдэнур, н.къ. а щIыпIэхэм кьыщапщытэн папщIэ.

«Россельхознадзор»-м зэбгригъэжа хъыбарымкIэ, УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 40-м хурагъэщащ республикэм и гуэдз жылэхэр. Абыхэм яхэтщ КИФЩI-м хьыхь псори, Краснодар крайр, Кьрымыр, Тэтэрстаныр, Башкириер, Марий Эльыр, нэгъуэщI щыналъэу 28-рэ - Калининград областым кьыщыщIэдзауэ Свердловск областым деж щиучыхьжу.

Зэрыхабзэу, гуэдз жылэхэр ди щIыналъэм ирашын ипэ къихуэу абыхэм карантин, фито-санитар, нэгъуэщI къэпщытэныгъэхэри драгъэкIуэкI, иужькIэ, дагъуэ зыхуамыщIахэм ират ахэр зэрыкъабгъэдэмыкIым, узыфэ зэрапкърымытым щыхьэт техъуэ сертификатхэр.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

Гуэл ЩхъуантIэхэм - зыплъыхьакIуэ

«Географиер МыДерсу» («НЕурок географии») Iуэху гъэщIэгъуэныр иджыблагъэ щекIуэкIащ Шэрэдж щIыналъэм. Проект щIэщыгъуэм Урыс географие зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ «Гуэл ЩхъуантIэхэм тельыджэу яхэлъыр» нэгузыужь Iуэхум щыщу. А щIыпIэ дахэм зыплъыхьакIуэ яшащ Белгород областым щыщ сабийхэр.

АХЭР ди республикэм щохьэщIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къригъэблагъауэ. Гуэл щхъуантIэхэм хуэкIуэ гъуэгум тетыху, хьэщIэ ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзащ Шэрэдж щIыналъэм и щIыуэпсым, абы щыIэ щIыпIэ дахэхэм, хабзэрэ щэнхабзэу щызекIуэкIым. Шэрэдж щIыналъэм и администрацэм и лэжьакIуэхэр гуапэу ежьащIащ зыплъыхьакIуэхэм. Ахэр кьафэрэ джэгукIэ ирагъэблэгъащ, республикэм щапщэфI шхыныгъуэхэр Iуагъэхуащ.

- Ди гуапэщ щыщ сабийхэр ди щIыналъэ дахэм кьызэреблэгъар. Нобэ щIыуэпсым и дахагъэу я нэгум щIэкIыр абыхэм куэдрэ ягу кьэкIыжнущ, - жиIащ щIыналъэм и унафэщIым и къуэдзэЕфэнды Таревз.

ГЪУЭТ Синэ.

ХЪУЩТ Аслъэнбэч:

Еджэныр япэщ, umIанэщ спортыр

Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием тхэмкIэн зыщыхуезыгъасэу щыIэ ди щIалэр къэсшэжыну сыкIуаеу, топджэгу губгъуэмкIэ занщIэу сунэтIат, сабий джэгухэм сахэплъэну. Тренировкэр иухыным иджыри зэман иIэт.

***Стадионым сихьа къудейуэ, къэслъагъэщ щэнкIэ Iэмалхэр зрагъэщIэу топджэгу губгъуэм и адрей лъэныкъуэм щIалитI иту. Жыжьэу зэрыслъэгъуамкIэ, зыр фIыуэ нэхъ балигът, адрейр щIалэ танэ цIыкIут. Си гугъащ, тренерыр и гъэсэнхэм ящыщ зым щхьэхуэу дэлажьэу, щэху гуэрхэр иригъэлъагъуу. Сыгъэм, а тIум я зэныкъуэкъуэм селпъым мурадкIэ нэхъ гъунэгъу захуэсщIри, щIалэ балигъыр Олимп джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэчу къыщIэкIащ, мыдрей ныбжьыщIэр хэтми сщIэртэкъым.*

«Сыту и насыл мы щIалэ цIыкIум, апхуэдизу спортсмен цIэрыIуэ къыщIэлажьэу, бэнэкIэм и щэхуэкIэ иригъэлъагъуу, ещанеу», жысIэу сегупсысащ. СфIэхьэлэмэту адэкIи сакIэлъыплъащ, а тIум я «къэлъагъэр» и кIэм нэсыху. Иужьк1э, Аслъэнбэч сыбгъэдыхьэри (апхуэдэ Iэмал зыIэщIэбгъэжI хъурэт!), упщIэ зыIэпежькIэ зыхуэзгъэзащ. Пэжыр жыпIэмэ, иужь дыдэу абы сыщепсэлъар Пекин къыщикIыжам щыгъуэщ.

- Аслъэнбэч, хэт хъуну зи кIэнир мыпхуэдизу къыкIа, гугъу узыдекIы щIалэ щIыкIур? СфIэхьэлэмэту сыныфкIэпхыпIащ...

- Я́пэрауэ, сэлам уэрэ. Си гуапэщ дызэрызэрихьэлIар, куэд щIауэ дызэрыпсэуатэкъым. МыдэкIэ, иджыпсту си гъусар си щIалэращ. СыщыхуущIыхьэм, си Iуэху сыщыхуэхуэгъуэм деж сыдэлажьэу аращ. Ауэ езыр сэ сызыгъэсэ Къардэн Андзор деж макIуэ. Нобэ, бзрэжьей махуэр, сыкIащжьыхь, хьэмэмым щыкIуэти, загъэса иужькIэ, ар къзэгъэсэбэпри, тIэкIу сыдэIэпыкIуащ. Иджы зыгъэпскIыпIэм жащ.

- Къудрэ зэман къыпхуэгъэтрэ мыпхуэдэу уи щIалэм удэлажьэну?

- Ди жагъуэ зэрыхъуащ, куэдрэ къыскIуихуэркъым, ауэ Iэмал сыщIэкIэ, зыхуущIэгъэхьену, зэрыхъуркIэ сыдэлэжьну яужь ситщ. Тхьэмахуэм тIэу-щэ, хъуэу щытмэ.

- Уэ езыми уи щхьэм зэман гуэрхэр хухэпхьфрэ спорт и лъэныкъуэкIэ?

- Пщэдджьыкъ къэс сыхьэтитI спортым хухьэсох. Зэманыр къызомэщIэкI, лэжьыгъэр куэдщ, щIэх-щIэхыу сежьэн хуей мэхъу, ауэ дэнэ щIыпIэ, дэнэ къалэ сыкIуами, си хьэпшыпхэр зэрылъ сумкэр сыт щыгъуи сIыгъащ, зэи блэзгъэкIыркъым си Iэпхъл1эпхъмкIэ зэзгъэуэгъэдииныр. Иджы, Алыхьым и фIыщIэкIэ, зэрыкIи зы хьэщIэщми кIэ хъуащ тренировкэхэр, зыщыбгъасэ хъун щыIпIэхэри, си Iуэхур нэхъ тыншщ абыкIэ.

- Аслъэнбэч, уэ иджыпсту уи лэжьыгъэр сыт нэхъ зытеухуар?

- Губгъуэ тIэкIу зыэсIпаф (мэдыжьхэшх), абы нэмыщI, Май къалэм дэт «Севкаврентген» заводым и унафэщIым и къуэдзэу сыщIэщI. Сепхаяи сыщытткъым, ауэ лэжьыгъэ Iуэхуитэ тIэкIу къэсхIухьын хуей мэхъу. Куэдрэ гъэзу сытетщ, кIэщIу жыпIэмэ...

- Сыщыщыщыгъуэ уи лэжьыгъэр зыгуэркIэ спортым епхауэ пIэрэ, жызоIэри аращ.

- Хьэуэ, спортым сэ сызепрэхар си тренер Къардэн Андзоррэ сэрэ Налшык къалэм и щыгъэжапIэм деж къыщIэпэщащауэ «Гладиатор» спорт клуб зэрыщыгъэлажьэмкIэщ. Андзоррэ ди гъусэу банэу щыта Щокъарэ Муратрэ махуэ къэс абы щIэтщ. Сэ абыхэм тхьэмахуэм тIэу-щэ е зэ, зэрыхъуркIэ, сакъыхьыхьэу аращ. Зыгуэрым ижьIауи, сабгъуриту сакъыдоIэпкIыну.

- Олимп джэгуэхэр куэдрэ уигу къэбгъэпхьэрэ?

- Зэзэмызэхэ, си ныбжьыгъу щIалэхэм, «деплъыжат, дигу укъэкIат», жаIэурэ пычыгъэ-пычыгъэуэ къыскурадзыхьжаIамэ, абыхэм соплъыж. Ауэ, афIэкIа нэгъуэщI Iуэху симыIэу, сыбгъэдэтIысхьауэ сщIэжыркъым.

- Аслъэнбэч, уи спорт гъащIэм хэт нэхъ спортсмен лъэщ дыдэу уигу кIинжжауэ узэбэнар?

- СпортсменыфI куэдым себэнащ сэ, ауэ, кIапщтэмэ, нэхъри нэхъ ерыщыж секIуаеу зыщIэзгъэсам щхьэусыгъуэ хуэхъуар Олимп джэгухэр тIэу къэзыхьа, дуней песни щэнейрэ щытекIуа, Европэм куэдрэ и чемпион хъуа тырку щIалэ Ерликае Хьэмзащ. Спортсмен бэлыхь гуэрт ар. Мэкхуу дыщыIэу себэнат сэ абыи, зэрыжаIэу, къызищIар къызгурымыIэу, къыстекIуат, апхуэдизкIэ лъэщти.

Абы иужькIэщ «бгыырпх зэгъэдзэкIа» жыхуаIэ Iэмалым зыщIагъэсар. Апхуэдэ приемкIэ сидзауэ щытащ абы. Сыкъыззэрилэтыр къызгурымыIуэ, есщIэнур къыскуэзмыщIэу, тIэу сыкъиIэтщ, сыкъытридзэри, къыстекIуащ. Арати, иужькIэ, сыкъызэрыкIуэжу, абы ищIэм селпъыжри, ар зэзгъэщIащ. ИужькIэ, сэри а бэнэкIэ Iэмалыр къзэгъэсэбэпын щIэздзэри, абыкIэщ къызэрысхьар Олимп джэгуэр.

- Нэхъ лъэщ дыдэу къыппэщIэхуа бэнакIуэм и сэбэни къокIыжащ...

- Пэжщ (мэдыкъэшх).

- Атlэ, зэIущIэ нэхъ гугъу дыдэу къэплъытэу, ущытекIуэнкIэ уи гугъэхэр хэпхыжаущ, икIэм, уи насыл кърихьэкIыжу, ущытекIуэжа щыIэ?

- Апхуэдэ къыскуихуащ. ИспаниемкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэм сыщыIэу, зы Iэмал гъэщIэгъуэн гуэр сщIыщ, абы сыщIэзэрыкIыжри, си пщэр апхуэдизкIэ быду иубыдат си хьэрхуэрэгъуми, си нэхэр щыуныкIыфIыкIат. Сэ и гущIыIум сыщыIэ хуэдэуи щытат, езыр щысу, атIэми, ситхьэлэу хъуат. Мыр, сыкъэмэхыу къыстекIуэ нэхърэ нэхъыфIщ, жыхуэсIэу, зыщыхьэпрыздзщ, баллитI абы къеэгъэльри, сыкъэтэджыжащ. Ауэ икIэм си сытекIуэжащ.

- Аслъэнбэч, уи иджыпсту къэралым къращIыIа дэкъуэзныгъэхэм я зэранкIэ дунейпсо утыкуэхэм зыкъыщагъэльэгъуэну хуиныту ди спортсменхэм къыззэрыпаубыдар дауэ къыпщыхъурэ?

- Си жагъуэщ икIи си гум щIохьэ ар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си гъащIэр спортым езыта, си зэманри, си узынщагъэри абы тезыгъэкIуэда, апхуэдизу гугъуехьэхэм хэта щIалэгъуалэм фэ дунейпсо зэпеуэхэм фыкъэкIуэнукъым, къажепIэнкIэ тэмэмкъым.

Ижь-ижьыж лъандэрэ спортымрэ политикэмрэ Iуэху лъэпкъ зэхуамыIэу щытащ. Иджы мы къэралым къращIэнур ящIэртэкъым, къыпIэпщыхьэртэкъым, политикэм спортыр хапщащ. Абы и зэранкIи, ди жагъуэ зэрыхъуащ, щIалэгъуалэр зэхьэзэхуэзэхуэм къыхьадзащ.

Пэжщ, икъуэкIи ди жагъуэ мэхъу ар, ауэ Алыхьым жиIэмэ, Iуэхур зэтеувэжынщ. Мис, зыгуэркIэри кIуащ зэхьэзэхуэм, нэгъуэщI къэралхэм я щIыхьэхэр яхуэмуу, дыщэ медалхэри къахьащ, ауэ ди хэкум ахэр къыхуахьауэ щытамэ, ар нэхъ ди гуапэ хъунут. Ауэ, дапхуэдэу щытми, дапхуэдэ къэралым я щIэкIэ зыкъагъэлъагъуэми, а щIалэхэр дыдейщ, зыгъасэхэри дыдейщ, нэгъуэщI къэралым и пщIэр яIэтащ, жумыIэмэ.

Мыпхуэдэу Iуэхур куэдрэ екIуэкIыу щытмэ, щIалэгъуалэм спортыр Iэпэдэгъэпэл ящIынкIэ щынагъуэ щыIэщ. Ахэр уэрамым кIуащIэзэхьэжьмэ, зэман лей яIэ хъумэ, мыхъумыщIагъэ куэд и щхьэ къэкIынкIэ зыхуэIуа щIэнхьэм. Гуп мыхъумыщIэхэм яхэзэрыхьынри хэлъщ. Езыхэр щIалэ узынщэхэмэ, лъэрызехьэхэмэ, зыщIыпIэхэм хэпшэну куэдрэкъым. Мис араща дызыгъэгузавэр. ТIэщIэкIынкIэ шынагъуэщ.

Адэ-анэхэри гуэзвэнкIэ хъунущ, спортым пщIэ иIэжкъым, нэгъуэщI Iуэху зефхуэ, феджэ, фылажьэ, жаIэу. Пэжу сыкъыбгурыIуэну сыхуейщ: япэ игъэщIын хуейр адэкIи, абы къыдэкIуэ спортым зыхуагъэсэныр, щэхъ тэмэмыр, ауэ ар Iэщ1ыб ящIыпэмэ, жысIэу сыгуэзавэу аращ.

- БэнэкIэ спортымкIэ ди Iуэхур дауэ щыт нобэ?

- Хьарэныгъэ къызолъытэ. Махуэ зыбжанэкIэ дызэIэбжьыжьэ, Краснояркэ къалэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм ди щIалитIым дыщэ медалхэр къыщахьащ, щым дыжьынхэр, щым - домбекъхэр. Урысей чемпионатми дыщэхэр, дыжьынхэр къыщахьащ. ЩIалэ хъарэныгъэр диIэщ. Си жагъуэ хъур, сигу кьеуэр икIи си закъуэкъым абы тегузэвыжьыр, Къэбэрдей-Балъкъэр псор абы иропIейтей: я къару илъыгъуэу, зэфIэкIэхэр яIэу, ауэ утыку ихьэну Iэщ Iэщыбгъуэ. Ауэ сымэ ящыIэ зэрыкIуэрщ.

- Убыщыгуэ хъуну хэт сымэ нобэ диIэр?

- КъуийцыкIыкIу Ахьмэд, Жолдащ Валерэ... Зыщщэу псори къысхуэгубзыгъыжыркъым....

- Гъуэныбэр...

- Упсэу, ди тэрч щIалэ Гъуэныбэ Iуеуеи, нэгъуэщIкъэри. Ауэ, ахэр, бэнэкIэ хуитымкIэ зызыгъасэхэри яхэтыжу.

- Аслъэнбэч, спортым и лъагапIэ нэхъыщIыкэри къэпщтащ, политикэми уи зэфIэкI къыщыгбгъэлъэгъуащ уэ. Дэтхэнэрэ а тIум нэхъ гугъуар уи дежкIэ?

- Къэрал кIулыкъыр нэхъ гугъущ зепсэну. Спортым уи щхьэ закъуэщ жуэрп щIэпхъыр, мыдрейм куэдым уадэIэпыкъун, сэбэн уахуэхъун, къаруушхуэ уиIэн хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дызэрыхуейм хуэдэу тхуэзфIэкIыркъым. Сигу кьоуэ, псалъэм папщIэ, гъэзэщIэ е нэгъуэщI зыхуеинуэхм щхьэкIэ зэхьэзэхуэм хэмытыфрэр зэгъэщIэн. Командэ къыхэкам хэмыхуэуэ щытми, спортсменым Iэмал иIэн хуейщ абыхэм я гъусэу зигъэсэну. Мис апхуэдизкIэ ядэIэпыкъун, ахъшэ е спонсор къахуэбгъуэтыфмэ, ар тэмэму аращ.

Алыхьым и щыкурKэ, щIалэхэми IэнэщIэгъэIэ ящIырхьэм спортыр. Республикэм и унафащIэкIи, щынальэм спортымкIэ и министрествэми абы и лъэныкъуэкIэ яхуэзфIэкI къагъанэркъым. Ауэ, итIанэми, зэхьэзэхуэ нэхъыбэм уэхтын папщIэ ахъшэ нэхъыбэи ухуейщ.

- Нтlа, Аслъэнбэч, ди псальэмакъыр къыззредгъэжьа уи щIалэмкIэ дгъэзэжьнщи: илъэс дапщэ и ныбжь, и цIэр хэт, сытхэр уи мурад абы ехьэлIауэ?

- ЩIалэм и цIэр Чэримщ, и ныбжьыр илъэс 14 мэхъу, ипэIуэкIэ зэрыжьсIащи, сэ сызыгъасэ Къардэн Андзор деж макIуэ. Мы гъэм къэралым и еджакIуэ цIыкIуэм я Гъэмахуэ спартакиадэм и кIэух зэIуущIэм ещанэ щыхъуащ, Поддубнэм и турнирыр кхихьащ. Ауэ, си щхьэкIэ къызощтэри, ар еджэмэ нэхъ къэсщтэнущ. Сыту жыпIэмэ, спортым ехьэлIанэ ящIырхьэнкIэ куэдым елъытащ икIи дэтхэнэ зыри Олимп чемпион хъурхьэм. Спортым фIыуэ хэлъыр бэшэчу, гугъуехьэхэм ципэщIэтыфу, шыIэныгъэ пхэлъу узэригъасэрщ. Иджыри жызоIэри, еджэрэ, лажьэ-шхэжу псэумэ, нэгъуэщI сыхуейкъым.

- И насыл Тхьэм уигъэльагъу, узэрыхуэхъуапсэу хъуари къехъулIэну си гуапэщ!

- Упсэу! Тхьэм жиIэ! Си гуапэщ дызэрызэхуэзар...

Мыри щIызгъужьнут. Аслъэнбэч интервью къеIысхьну сызэрыхуейр щыжеIэм, адыгэбзкIэ дызэрызэпсэльэнур, жери, щIэупщIат. Арауэ щыжеIэм, дызэпсэльэхукIэ зы уресыбзэ псальэ къыхиутхьакъым. Олимп джэгухэм я чемпионщ, КъБР-м спортымкIэ и министру лэжьащ, ауэ къыдальхуэ бзэр Iэщ1ыб ищIакъым. КъалэкIыхьми Iэджэрэ нигъэсащ, адэкIэжкIи куэдрэ игъэкIуащ, икIи и бзэр зэи зэран зыщIыпIи къыщIыхуэхъуакъым, къыхуэсэбэпа фIэкIа.

Епсэлъар

ХЬЭЩЫКIЪУЕЙ Олег.

Хэку зауэшхуэм и зэманым Тэрч щынальэм и Курп лъагапIэхэм щыхэкIуэда сэлэти 146-м я фэеплъыр щIыхуэхэм я кIуапIэ хъущ. Бэм ящыгъуэнкIуэда къэгъэльэгъуэу, щынальэр бийм щахъумэу зи псэр щызыытахэр. ЛIыхъужьхэр ягу къагъэкIыжыну, я щхьэр абыхэм хуагъэзэхыну илъэс къэс фэеплъым щIыхуэ куэд къокIуалIэ, щыгъуэ пэкIуэри щрагъэкIуэкI.

Курп лъагапIэхэм тет фэеплъым йолэжь

КУРП лъагапIэхэм щIызэуа сэлэтхэм я фэеплъыр зэрагъэувэрэ илъэс щэ ныкъуэм нэблагъащ – ТекIуэныгъэ Инырр илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу. Ар республикэм тхыдэ мыхьэнэ зиIэ и уэхуэныгъэхэм хохьэ. Абы къыхэкIыу я щIыпIэм ивыпсту лэжьыгъэшхуэр ирагъыпIэ.

Ахэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзэну иджыблагъэ Тэрч щынальэм щыIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий и гъусэу.

Ипэ илъэсхэм щIыпIэ біюджетым къыхэкIа мылъыкуIэ фэеплъым и теплъэр ягъэдэха, Iуплъэгъуафэ ящIа щхьэкIэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэрагъэпэщыжа-къым. «Хэкур яхьумэу хэкIуэдахэм я феплъыр мыкIуэдыжьи щIым хуэгъэпсауэ 2019 - 2024 гъэхэм зэфIэгъэкIыпхъэхэр» зыуэ щыт къэрал программэм ипкъ иткIэ къэрал бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 15 а лэжьыгъэхэм къыхуатIыпщынщ иджы.

Фэеплъыр къэгъэщIэрэщIэжьным хыхьэ Iуэхугъуэхэм ящыщ гуэркэр иджыпсту кIэ зэфIагъэкIакIэщ. Псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэрызэуа ганкъыр, зи гъущ I щэрхьэр щIым щIигъэжауэ щытар, бетон гъэжам трагъэуващ. Комплексым и архитектурэ теплъэр къызэрагъэщIэрэщIэжьным хуагъэхьэзэныр, теуванIэхэмрэ дэкIуеинIэхэмрэ къаргъэувэкIащ, иджы ар къращIэкI. Абы нэмыщI, ухуакIуэхэм я Iуэхугъэ-лъэхъэм къикIахэр икIи ди зауэлIхэм зэрахьа хахуагъэм хуэфащэу щытым хуейщ фэеплъри», - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин.

Лэжьыгъэ Iуэхуэкъ Тэрч районыр къэзыхикIухьклэрэ Къумахуэ Мухьэдин Хъущт Аслъэнбий щIыхуэу щыIащ Курп Ипщэ, Плановскэ кIэрахьэжьмэ икIи зэрагъэпэгъуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу а жьлэжьм дэтхэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр здынэсар.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Сэхураным и чэзущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прохладнэ, Май, Тэрч щынальэхэм я мэкъумэшышIэхэм сэхураныр Iуэхыжьын щIадзащ. Дыззэрыт илъэсым республикэм и мэкъумэш, фермер, уней Iуэхущ1апIэхэм псоми зэхэту а къэкIыгъэр гектар мин 17,6-рэ тращIащ. Ар гектар мини 2,5-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэрэйм нэхъыбэ.

СЭХУРАНЫМ хухаха щыIам щыщу гектар мин 11,4-р мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм мэкъалъос, фермер, уней Iуэхущ1апIэхэм зэхэту яIыгъщ гектар мини 5,3-рэ, адрей къэнар – унагъуэзэм.

Республикэм мэкъумэшым пыщIа и Iуэхущ1апIэхэм псоми зэхэту сэхуран ящыIалъхьэу тонн мин 45-рэ нэгъабэ кърахьэлIэжащ. Нэхъыбэуэ ар щыхасэ хабзэр Прохладнэ, Май, Бэхъсэн щынальэхэрщ икIи республикэм щIыуэ абы щыхухахым и процент 70-р а районищым къалъос.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Гупсыси къаруи яхэмылъу

● Футбол

«Дружба» - «Спартак-Налшык» - 1:0 (1:0). Мейкъуапэ, Адыгейм и республикэ стадион. ФокIадэм и 14-м. ЦIыку 250-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Шамарэ, Харченкэ, Головченкэ (щыри Дон Iус Ростов).

«Дружба»: Хачиров, Савинных, Ехья, Абдуллаев И., Уэрэзей (Гайдаров, 53), Юшко, Куэбло (Новиков, 74), Коломийцев, Антоненкэ (Зызэрыхьэ, 74), Сергеев (Магомедбеков, 46), Абдуллаев Г. (Делэкъу, 46).

«Спартак-Налшык»: Каркаев, КIэдыкIуей, Кьардэн, Далиев Дауд, Лелюкаев, Гъэгузокъуэ (Мэкъуауэ, 81), Селяев, ХьэщIыкIу, Хьэшыр, Шэрджэс, ЛIуп.

Топыр дигъэкIащ Абуллаев Г., 27 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Селяевым, Хьэщ1ыкIум, Юшко, Кьардэным, Новиковым, Далиев Дауд, Куэблэм.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хьыхь тIощIрэ етхуанэ джэгуГъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшык» щыхьэщIащ Мейкъуапэ и «Дружба»-м деж.

Зэкъуэш республикитIым я командэхэр дапхуэдизрэ зэхэумызами, ахэр сыт щыгъуи ерыщу зэпэщIэтщ, зы лъэбакъуэ закъуэкIи зыр адрейм къыпимыкIуэту. Иджыпей зэIущIри апхуэдизу екIуэкIащ. Пэжыр жыпIэмэ, чемпионатым и япэ Iыхьэм хэгъэрейхэр ди деж щыIэу 3:0-у зэрыкIуэгъэщIами гугъэ лей дигъэщIыртэкъым, хьэщIапIэ дыщIэуи абыхэм дакIеIуэфыну. Абы нэхьей, иужьрей зэманым ди щIалэхэм къагъэлъагъуэ джэгукIэмрэ мыбы ипэкIэ «Нарт»-р бжыгъэшхуэкIэ Налшык къэзрыщIитткIуамрэ уи нэгу къыщIэгъэхьэжу щытмэ, зэрыжаIэу, футбол адэкIэ уемыплъыжми хъунущ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

Иджы, зэIущIэмкIэ къэдгъэзэжьнщи, узыптесэлъыхьыну, уигу къэбгъэкIыжыну командитIми къагъэлъэгъуар мащIэ дыдэщ. Топыр зэхуэдэу яIыгъащ, зэныкъуэкъуащ, зэпэщIэтащ, ауэ джэгукIэ дахэ дагъэлъэгъуакъым, псом хуэмыдэу, ар щIалэхэм.

Ди жаг1уэ зэрыхъущи, налшыкдзэсхэм топыр куэдрэ яхуэIыгъыркъым. Ар псынщIэ дыдэу ягъэкIуэд е къыIащIах. Топыр щаIыгъ тIэкIуми, тэмэму къахуэгъэсэбэпыркъым, IэкIуэлъакIуэу зэIэпахыфыркъым, къапэщIэт топджэгуми тынш дыдэу ар ират. ЩIэпхъуауэ жэ ди щIалэм ират топыр я ипкIэ зыкъуэу ягъэжэнщ, абы лъэщIэмыхьэфыну, е и деж хэмысу хуаутIыпщынщ. Абы джэгур къызэтрекъутэ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм плъагъурт налшыкдзэсхэм я лъакъуэм бдзамцIэ кIэрыщIам хуэдэу топджэгу губгъуэм къызэрихьар. Е «Нарт»-р къаззрытекIуар ягу? щIыхьэIуауэ ягу имыухжарэт е тэмэму замыгъэпсэхужарэт - хэт ищIэрэ. ЕтIощIанэ дакъинкъэхэм деж Мейкъуапэ и командэм ди гъуэр кьищат, ауэ топыр кьыщытхудагъэкIым щыгъуэ абыхэм я зы футболистым ди штрафнойм иту хабзэр кьыззэпиудри, ар хабжакъым. ЗэкIэ дыкъелащ.

Ауэ «Дружба»-м куэдрэ абы зыкIэлIыжьжьакъым - дакъинкъэ зыбгъупщI нэхъыбэ абы иужькIэ дэмыкIыу бжыгъэр 1:0 ищIащ. Мэхъэчкъалэ и «Легион»-м къыхэкIыу Мейкъуапэ и гупым мы гъэм къэкIуа, нобэ япэу топджэгу губгъуэм кьихьа Абдуллаев Гаджимурад ди штрафнойм иту, ди щIалэхэр абы ищIэм еплъу щыту, ди гъуэм топыр кьыдихуащ, кьэзыцIыхьа налшыкдзэсхэм ящIщ зыри зэран хуэмыхьуфу. А махуэм ди гъуэм зэта Каркаев Хьусеин абы зыри хуещIакъым.

Кьумыкъу Аслъэнбэч иджырей джэгугъуэр блигъэкIын хуей хъущ карточкэ гъэзэжьмкIэ мардэр «зэрикъуэ» - «Спартак-Налшык» щыхьэщIащ Мейкъуапэ и «Дружба»-м деж.

Зэкъуэш республикитIым я командэхэр дапхуэдизрэ зэхэумызами, ахэр сыт щыгъуи ерыщу зэпэщIэтщ, зы лъэбакъуэ закъуэкIи зыр адрейм къыпимыкIуэту. Иджыпей зэIущIри апхуэдизу екIуэкIащ. Пэжыр жыпIэмэ, чемпионатым и япэ Iыхьэм хэгъэрейхэр ди деж щыIэу 3:0-у зэрыкIуэгъэщIами гугъэ лей дигъэщIыртэкъым, хьэщIапIэ дыщIэуи абыхэм дакIеIуэфыну. Абы нэхьей, иужьрей зэманым ди щIалэхэм къагъэлъагъуэ джэгукIэмрэ мыбы ипэкIэ «Нарт»-р бжыгъэшхуэкIэ Налшык къэзрыщIитткIуамрэ уи нэгу къыщIэгъэхьэжу щытмэ, зэрыжаIэу, футбол адэкIэ уемыплъыжми хъунущ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

Иджы, зэIущIэмкIэ къэдгъэзэжьнщи, узыптесэлъыхьыну, уигу къэбгъэкIыжыну командитIми къагъэлъэгъуар мащIэ дыдэщ. Топыр зэхуэдэу яIыгъащ, зэныкъуэкъуащ, зэпэщIэтащ, ауэ джэгукIэ дахэ дагъэлъэгъуакъым, псом хуэмыдэу, ар щIалэхэм.

Ди жаг1уэ зэрыхъущи, налшыкдзэсхэм топыр куэдрэ яхуэIыгъыркъым. Ар псынщIэ дыдэу ягъэкIуэд е къыIащIах. Топыр щаIыгъ тIэкIуми, тэмэму къахуэгъэсэбэпыркъым, IэкIуэлъакIуэу зэIэпахыфыркъым, къапэщIэт топджэгуми тынш дыдэу ар ират. ЩIэпхъуауэ жэ ди щIалэм ират топыр я ипкIэ зыкъуэу ягъэжэнщ, абы лъэщIэмыхьэфыну, е и деж хэмысу хуаутIыпщынщ. Абы джэгур къызэтрекъутэ.

ЗэрыщIэрыщIу, ди щIалэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жауал яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**23**	**15**	**4**	**4**	**46-19**	**49**
2. «Динамо-Ставрополь»	24	13	8	3	38-22	47
3. «Легион»	23	14	3	6	39-18	45
4. «Рубин»	24	13	4	7	31-20	43
5. «Ростов-2»	23	13	3	7	43-25	42
6. «Севастополь»	22	12	6	4	33-17	42
7. «Астрахань»	23	12	4	7	29-23	40
8. «Нарт»	24	9	5	10	28-34	32
9. «Строитель»	23	8	7	8	25-25	31
10. «Ангушт»	24	6	12	6	16-16	30
11. «Дружба»	24	9	3	12	29-33	30
12. «Спартак-Налшык»	**23**	**7**	**5**	**11**	**34-35**	**26**
13. «Биолог-Новокубанск»	23	6	5	12	28-37	23
14. «Кубань Холдинг»	24	5	8	11	19-29	23
15. «Победа»	24	5	7	12	25-37	22
16. «Динамо-2»	23	3	4	16	15-47	13
17. «Алания-2»	**24**	**3**	**4**	**17**	**18-59**	**13**

Автовокзал №2-р здэщытам деж

Налшык къалэм и автовокзал №2-р здэщытам деж транспортхэр къызытехьэну-зытекIыжыну щIыпIэу кърагъэжьар и кIэм нэблагъащ.

ИДЖЫПСТУ лэжьыгъэхэр щокIуэкI Осетинскэ, Ахъуэхъумрэ ПащIэмрэ я щIэхэр зезыхьэ уэрамхэм. Мыбдежкъэм асфальтыжьхэр щыратхъуащ, гъуэгубгъуэхэр мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкIащ. Абы нэмыщI, Ахъуэхъумрэ ПащIэмрэ я щIэхэр зезыхьэ уэрамхэм зэ иракIуэгъуэу асфальтобетон зэхэлъыр тралъхьащ. Иджыпсту апхуэдэ лэжьыгъэхэр Осетинскэ уэрамым щрагъэкIуэкI.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, абдежым щыт «ТекIуэныгъэм и ижьI хадэ щIыкIур» (танкыр здэщытым деж) зыхуей хуагъаазэ, зэIуэзэпэщ ящI. Мы щIыпIэр плиткэхэмкIэ къращIыкIащ.

Налшык къалэм и администрацэм Капитальнэ ухуэныгъэхэмкIэ и управленэм и инженер нэхъыщIхэ Кьардэн Мурат идыгъуэ благъэ зэрыIаIамкIэ, «Уафэ-зэ» программэмэ хыхьэу а щIыпIэм ихъуреягъкIэ иджыпей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, тек1апсэкэри щым щIалъхьэнущ, хуэфащэ дамыгъэхэмрэ зэхьэхьэпIэзэхэкIыпIэхэмрэ къыхасэщхьэхукIынущ.

Транспортхэр зытехьэну-зытекIыжыну щIыпIэм и кIуэцIми ибгуэхэми автобус къэувыIэпэхэр щагъэувынущ. Абы нэмыщI, анэхэмрэ сабийхэмрэ папщIэ пэш щхьэхуэхэр къыхуэзрагъэпэщынущ, псыунэхэр ягъэувынущ.

Лэжьыгъэ псори мы гъэм и жэпуэгуэм зэфIагъэкIын мурад щыIэщ.

БЭБЭЧ Бэчыр.

Редактор нэхъыщIхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Кьашкоокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядалэжьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.471
Заказыр №1987

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехахэм нэсу жауал яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкI и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Мариe** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.) корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс Фатlим